

Sesyon siplemantè sou pouvwa, vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

KOURIKOULÒM KORE TIFI

Etap Chanjman pou elèv: Faz 3 (Sipò)



REPANSE POUVWA
An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



BEYOND BORDERS

Pou nou jwenn enfòmasyon sou fason pou nou sèvi ak kourikoulòm *Kore Tifi* nan Faz 3, gade entwodiksyon jeneral kourikoulòm *Kore Tifi* pou lekòl nan Faz 2. Nou ap jwenn li nan Faz 2 anvan liv kourikoulòm Syans Sosyal. Nou kapab bezwen distribye entwodiksyon sa a bay pwofesè ak manm administrasyon lekòl ki ap sèvi avèk kourikoulòm nan. Sa kapab ede pifò pèsonèl yon lekòl konprann an gwo kijan liv kourikoulòm *Kore Tifi* pou lekòl fè pati gwo pwosesis chanjman metodoloji *Kore Tifi* a. Bezwen pou distribisyon ak konpreyansyon entwodiksyon jeneral la genyen yon enpòtans kapital, sitou lè se plizyè pwofesè nan yon menm lekòl ki ap anseye yon matyè kourikoulòm nan grefe sou li.